

ABSTRAK

Panalungtikan ieu judulna “PANGARUH KOMPETENSI PEDAGOGIK GURU KANA MOTIVASI DIAJAR SISWA (Dina Mata Pelajaran Ekonomi Kelas XI IPS di SMAN 15 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)”. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaeta supados terang ngeunaan pangaruh kompetensi pedagogik guru kana motivasi diajar siswa dina mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS di SMAN 15 Bandung. Panalungtikan nu dilakukeun mibanda pendekatan kuantitatif ku metode asosatif kausal/survey ku cara ngabagikeun angket/kuesioner ka responden ngeunaan kompetensi pedagogik guru jeung motivasi belajar siswa. Siswa nu dijadikeun responden seueurna 111 siswa. Instrumen nu digunakeun dinu angket aya 72 parnyataan (36 parnyataan ngeunaan kompetensi pedagogik guru, jeung 36 parnyataan ngeunaan motivasi belajar siswa). Teknik ngulik data nu di gunakeun nyaeta uji validitas, uji reliabilitas, uji normalitas data, korelasi, analisis regresi linier sederhana, sareng koefisien determinasi ngangge program SPSS 1.80/PASW Statistic 18 for windows. Hipotesis dina panalungtikan ieu nyaeta: “ $H_0 = H_1$: aya pangaruh nu positif jeung signifikan antara kompetensi pedagogik guru ka motivasi diajar siswa” atanapi “ $H_0 \neq H_1$: teu aya pangaruh nu positif jeung signifikan antara kompetensi pedagogik guru ka motivasi diajar siswa”. Ngadasar kana rata-rata hasil rekap nilai angket kangge parnyataan ngeunaan kompetensi pedagogik guru (variabel X) saageung 58,83% nu kalebet kategori sedeng. Sedengkeun rata-rata hasil rekap angket ngeunaan motivasi belajar siswa (variabel Y) saageung 57,5 nu lebet kategori sedeng oge. Kasimpulan tina panalungtikan ieu nyaeta aya pengaruh nu positif jeung signifikan antara kompetensi pedagogik guru ka motivasi diajar siswa dinu mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS di SMAN 15 Bandung. Hal ieu dibuktikeun ku nilai R Square saageung 0,669 nu artina pagaruh kompetensi pedagogik guru ageung. Nyaeata 66,9%, saleuwihna dipangaruhan ku variabel sejen. Jeung ageungna darajat hubungan (R) ageung pisan, nyaeta 0,818 (81,8%). Pamungkas panalungtikan, nu nulis masihan saran kangge guru supados ningkatkeun kompetensi pedagogikna, kangge sakola supados ngalakukeun sagala upaya pikeun ningkatkeun motivasi diajar siswa, kangge siswa supados gaduh sumanget diajar nu ageung, kangge FKIP supados teras ningkatkeun kualitas jasa akademik jeung kualitas calon guru, jeung kangge peneliti salanjutnapamugi tiasa ngembangkeun panalungtikan ieu leuwih sae deui di kelas sareng sakola nu sejen.

Kecap Konci: *kompetensi pedagogik guru, prestasi diajar siswa.*